



Diferans ant Biwo Doktè w la ak Depatman Ijans

Doktè Premye Swen	Depatman Ijans
Ou pral peye kopeman Doktè Premye Swen w la , si ou gen youn. Sa a ka koute w ant \$0 ak \$50.	Ou pral pwobableman peye yon kopeman, ko-asirans, e ou pral gen pou satisfè dediktib ou anvan plan sante w la peye pou depans ou yo, espesyalman si se pa yon ka ijans. Kopeman w lan kapab ant \$50 ak \$150.
Ou ale lè w santi ou malad ak lè ou santi w byen .	Ou pa ta dwe ale sèlman lè ou blese oswa malad anpil .
Ou dwe rele anvan pou pran yon randevou.	Ou prezante lè ou bezwen epi wap rete tann jiskaske yo rive sou ou.
Ou ka rete tann yon titan pou yo rele w apre ou fin rive men yo pral wè ou jeneralman nan lè randevou w la .	Ou kapab rete tann pandan plizyè èdtan anvan yo egzamine ou si se pa yon ijans.
Jeneralman ou pral wè menm Doktè a chak fwa .	Doktè kap travay nan jou sa a pral egzamine ou.
Doktè w la pral jeneralman gen aksè a dosye sante ou.	Doktè ki egzamine w la pwopableman pa pral gen aksè a dosye sante ou.
Doktè w la travay avèk ou pou kontowle maladi kwonik ou epi ede w amelyore sante ou anjeneral.	Doktè a ka pa konnen ki kondisyon kwonik ou genyen .
Doktè w la pral verifye lòt aspè nan sante ou , pa sèlman pwoblèm nan ki mennen w la jodia.	Doktè a pral sèlman tcheke pwoblèm ijans ou vin trete a men li ka pa mande ou osijè lòt preyokipasyon.
Si w ta bezwen wè lòt Doktè yo oswa jere swen ou, Doktè w la ka ede ou fè yon plan , pran medikaman ou yo, epi pwograme vizit swivi ki rekòmande yo oswa jwenn yon spesyalis.	Lè vizit ou a fini yo pral egzeyate ou avèk enstriksyon pou swiv avèk Doktè Premye Swen ou ak/oswa spesyalis. Gendwa pa gen okenn sipò swivi.
Nan kèk zòn, ou ka ale nan yon Sant Swen Ijans . Si Swen Ijans disponib nan zòn ou an, rele plan sante w la anvan ou ale pou ka konnen ki kantite lajan ou pral gen pou peye.	

